

Èske m ta dwe patisipe nan etid rechèch sou Covid-19 nan?

Patisipasyon w nan etid sou rechèch sa a se desizyon w. Enfòmè tèt ou. Poze kesyon. Jwenn repons.

Covid-19 se yon maladi ki soti nan yon nouvo Kowonaviris. Koulyea, swen medikal pou moun ki gen Covid-19 yo plis bay soulajman pou sentòm yo. Pou ka ki grav yo, tretman yo gen ladan yo swen ki pou sipòte fonksyon ògàn vital yo.

Doktè ak syantis yo gen anpil kesyon sou Covid-19:

- Kòman Covid-19 la afekte moun?
- Ki medikaman oubyen lòt tretman ki ka evite, dyagnostike, oubyen trete Covid-19 nan?
- Ki kalte vaksen ki ka kwape Covid-19 la?

Se sèl etid sou rechèch yo ki ka ede ak kesyon sa yo.

Patisipe nan yon rechèch se pa menm jan ak al pran swen medikal ki regilye. Okontrè, moun k ap fè rechèch yo ap eseye reponn yon kesyon. Nan plizyè etid yo fè, yo sèvi ak kèk moun pou fè konparezon gwoup epi lòt pou fè rechèch sou medikaman imedyat, tretman ak vaksen.

Men kesyon ou kapab poze si yo envite w pou patisipe nan rechèch sou Covid-19:

- Ki kesyon etid la ap eseye reponn?
- Poukisa yo kontakte m pou rechèch sa?
- Kisa ki ka anpeche m patisipe nan etid sa?
- Kisa k ap diferan sou swen medikal mwen si m patisipe nan etid sa?
- Èske genyen yon chans ke m pap jwen rechèch pou medikaman imedyat, tretman, oubyen vaksen?
- Ki ris ak avantaj ki gen pou mwen si m patisipe nan etid sa?
- Kòman patisipasyon m nan etid sa ka afekte m nan yon tan ki dirab?
- Ki swen dirab m ap bezwen si m patisipe nan etid sa?
- Kòman y ap pwoteje enfòmasyon pèsònèl mwen yo?
- Kisa sa ap koute m si m patisipe nan etid sa?
- Konbyen tan etid sa pral dire?
- Kisa ki ka rive m si deside kanpe patisipasyon m nan etid sa?
- Èske m ka jwenn yon medikaman imedyat, tretman oubyen vaksen si m pa patisipe nan etid la?
- Si m patisipe nan etid la, èske m ka patisipe nan lòt rechèch?
- Kisa m sipoze mande si m gen kesyon sou etid la?

Chwa pou patisipe nan rechèch la.

Patisipe nan etid la se yon desizyon pèsònèl ki enpòtan. Ou kapab pale sou sa ak fanmi w, zanmi w, doktè ak enfimyè yo. Anvan ou deside, moun k ap fè rechèch yo sipoze reponn tout kesyon ou yo. Ou pa sipoze santi ou nan kouri ni pran okenn presyon pou pran desizyon sa. Patisipasyon w nan rechèch la depann totalman de ou. Ou kapab chanje lide nenpòt kilè, pou nenpòt ki rezon, menm aprè ou fin dakò pou patisipe nan etid la.

CONTACT INFORMATION

Boston Medical Center and Boston University
Medical Campus Human Research Protection Program
email: medirb@bu.edu • phone: (617) 358-5372